

Sèvis Finasyè pou Elèv APLIKE POU ÈD FINANSYÈ NAN CURRY COLLEGE 2022–2023

Fè ke ou Dwe Konnen

- Dat limit pryorite pou aplike pou Curry College pou èd finansyè se **1 Mas, 2022** pou elèv ki fèk ap antre
- Kòd Federak pou lekò Curry College se **002143**
- Apre ke ou finn konplete FAFSA, Curry College ap detèmine elijibilite'w pou sous ke nou pral mete yo: Curry College, Eta ke ou rete ak Gouvènman Federa
- Lèt Prim ki voye a **NOUVO AKSEPTASYON (NEW ACCEPTED)** pou elèv kap kòmanse an Desanm 2021 e ki baze inisyalman sou enfòmasyon ki nan FAFSA
- Prim yo kapab vinn revize e ajiste baze sou dokiman ke ou soumèt
- Prim yo kapab genyen nenpòt tip de èd sa yo: **Don ak Bous, Etid Travay e/oubyenPrè**

Rechèch Bous

Curry College ankouraje elèv yo chache bous ki andeyò de lekòl la pou yo kapab peye montan edikasyon yo. Bous pa deyò sa yo bay endepandan de okenn èd ki federal, leta oubyen èd enstitisyonèl ke Curry bay. Elèv pa dwe janm peye yon frè pou sèvis rechèch bous.

- **College Board**
bigfuture.collegeboard.org/scholarship-search
- **Fastweb**
fastweb.com

Resous Adisyonèl

- **ID Federa Èd pou Elèv (FSA ID)**
studentaid.gov
- **Èd pou Elèv sou Entènèt**
studentaid.gov
- **FAFSA**
studentaid.gov



ELÈV KAP ANTRE APLIKE POU ÈD FINANSYÈ NAN CURRY COLLEGE 2022–2023

Curry College ankouraje tout elèv pou aplike pou èd finansyè. Aplike pou èd finansyè se yon pwosesis senp pou tout èd enstitisyon, federa e leta.

Tout elèv potansyèl elijib pou yo aplike pou èd finansyè tout o tan ke elèv la anrole nan yon pwogram pou yon degre, se yon citwayen oubyen yon rezidan pèmanan, gen yon diplòm lekòl e ranpli tout obligasyon jenera pou èd finansyè.

Kòman pou mwen kòmanse?

Aplike pou yon FSA-ID, si ou poko deja gen yon FSA-ID ki etabli.

- Elèv ak paran dwe aplike pou ID Federal pou elèv (FSA-ID) nan **studentaid.gov**. Sa pèmèt ou siyen pou aplikasyon (Free Application for Federal Student Aid FAFSA) gratis sou entènèt. O mwen yon paran ak yon elèv dwe genyen FSA-ID yo.

Soumèt FAFSA

- Ou kapab soumèt FAFSA 2021–2022 nan **studentaid.gov**, nan kòmansman 1 Oktòb, 2021. Nimewo kòd federal pou Curry se **002143**
- Sèvi ak Zouti IRS pou Jwenn Done ou pou transfere enfòmasyon taks federal **2020** dirèkteman a FAFSA si li elijib

Dat limit pryorite pou aplike pou Curry College se **1 Mas, 2022**

Ki lòt dokiman ki obligatwa?

Nou kapab mande elèv yo pou yo soumèt dokimantasyon adisyonèl pou detèmine oubyen finalize elijibilite yo pou èd finansyè a kòz de verifikasyon. Verifikasyon se yon pwosesis pou konfime enfòmasyon ke ou rapòte nan FAFSA. Sa enkli koleksyon ak revizyon dokiman adisyonèl yo ki spesifye pa Depatman Edikasyon. Sèvis Finansyè pou Elèv ak kontakte elèv yo endividyèlman pou mande yo dokiman/enfòmasyon adisyonèl.

Tout dokiman ak enfòmasyon ke yo mande dwe soumèt dirèkteman a Ofis Sèvis Finansyè pou Elèv pa imè, faks, oubyen kourye. Tanpri enkli non elèv a ak ID Curry College nan tout dokiman ke ou soumèt.

Nòt: Elèv eloubyen paran k'ap voye enfòmasyon, tankou kopi Retou Taks Federal yo, a ofis nou dwe voye li pa faks oubyen imèl ki pwoteje.

CURRY COLLEGE

1071 BLUE HILL AVENUE, MILTON, MASSACHUSETTS 02186

telefòn: (617) 333-2354 | faks: (617) 333-2915 | imèl: fin-aid@curry.edu